# Авар адабияталъул программаялъе баян

*Художествияб адабияталъ кӀудияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, гӀагараб халкъалъул рухӀияб бечелъиялъул къучӀалда гӀолилазе тарбия кьезе.*

*Гьединлъидал школалда малъизе тӀаса рищун руго цӀалдохъабазе мустахӀикъал, магӀнаялъул ва мацӀалъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва цо-цо вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда тӀад хӀалтӀулаго, лъималазда лъазе кола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие битӀараб къимат кьезе ва адабияб теориялъул кӀвар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасихӀлъи ва гъварилъи.*

*РагӀул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.*

*Малъиялъул мурадлъун ккола рагӀул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гьолъе раккизе ругьун гьари, пасихӀаб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул къучӀалда асаразулъ рихьизарурал общественниял гьоркьорлъабаздалъун, гӀадамазул гӀамал-хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бичӀчӀиялде рачӀин.*

*Адабияб курсалда жаниб хасаб бакӀ ккола ВатӀан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалъулго захӀматхалкъалъул мурадал цӀуниялъул асар цӀалдохъабалъ куцаялъ.*

*Адабияталъул дарсаз лъимал тӀамула миллатазул адаб-хӀурмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи вацлъи бищун къиматаб бечелъи хӀисабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе гӀоло цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул литератураялдаса авар мацӀалде руссинарурал лъикӀал асаразулгун.*

*Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, цӀалдохъабазул гӀелалъулаб хӀалбихьиги хӀисабалде босун, авар мацӀалда литератураялъул курс гӀуцӀун буго кӀиго бутӀаялдасан:*

*ТӀоцебесеб - 5-9 классазда литературияб цӀали, кӀиабилеб – Дагъистаналъул литератураялъул курс.*

*5-9 классазе цӀалул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги цӀунун. Гьениб хӀисабалде босула байбихьул классазда цӀалул дарсазда лъималазе щвараб хӀалбихьи ва гьениб лъураб къучӀалда гӀуцӀула хадубккун литературияб цӀали.*

5-9 классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъикlал ресал ругел, ричlчlизе бигьаял,художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб кlалзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул тlаса рищарал асарал.
Гьеб программаялъул аслияб тlалаб:
литератураялде аслияб рокьи базаби;
чвахун ва пасихlго цlалиялъул бажари камиллъизаби;
малъулел асаразул гъварилъуде раккизе ва аслияб пикруялда( идеялдао хадур гъезе кlвезелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, тlахьал цlализе гъира-шавкъ бижизаби.
5-9 классазе тlаса рищарал асараз рес кьола цlалдохъабазул гlумруялъул хlалбихьи бечед гьабизе,сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе,гьезулъ рухlияб сахаватлъи куцазе, гlумруялда дандчlвалел гlемерал лъугьа-бахъиназе битlараб къимат кьезе ругьун гьаризе.
Щибаб классалъул курс гlуцlун буго тарихиябгун тематикияб тартибги цlунун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай гlаммлъизабизе,литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал чlванкъотlараб тарихияб заманалда хурхарал рукlин цlалдохъабазда бичlчlизаби, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб батlи-батlияб тарихияб заманалъул гlадамазул гlумруги гlамал-хасиятги ва рукlа-рахъинги гвангъун цебечlезабун букlин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб кlвар: гьанжесеб гlумруялъе битlараб къимат кьун бажаруларо, аралда данде кквечlого.
10-11 классазда малъула Дагъистаналъул литература.
10-11 классазда малъизе хlисабалде росун руго Дагъистаналъул вацлъиялъул миллатазул машгьурал рагlул устарзабазул тlаса рищарал асарал.
Тlасиял классазда авар ва Дагъистаналъул литература малъиялъул аслияб масъалалъун ккола художествиял асарал гъваридго ричlчlулев, гьезул идеялда( аслияб пикруялда),сипатияб каламалъул хаслъабазда хадув гъолев,гьезие битlараб къимат кьун бажарулев,жиндир халкъалъул рухlияб бечелъи босарав чилъун щивав цlалдохъан вахъинави.
Авар адабияталдаги инсаниятазъего гlаммал образал ратизе ва ратlа рахъизе лъимал ругьун гьарула. Учителас цlалдохъабазда малъула халкъалъ чlезарурал рухlиял гlурхъабазда рекъон героязул хьвада-чlвади, гlамал-хасият борцине.Гьебго хlалтlи гlурус адабияталъул дарсаздаги гьабулелъул, кlиябго адабияталда рухlиял тlалабал тlураб куц данде ккун, гlаммал рахъал ратани, лъимал хlасилалде рачине захlмалъуларо.
Школалда малъизе тlаса рищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе мустахlикъал асарал. Цlалдохъабазда тlадаб буго классалданиги рокъобниги
гьел асарал тlуранго цlализе. Цlалулаго лъугьараб рухlияб асаралъул кьучlалда гьабула анализалъулаб хlалтlиги.
Асарал малъулаго,хъвадарухъанасул гlумруялъул

мацlалде, раглаби дандразе, хабар глуцlизе, маглнаялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдалъун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги цlалдохъабазул къимат борхула. Программаялда чlезабун буго, адабиятальул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине бажариялъул мухlканаб глурхъи-рахъ.
Лъазе ккола малъулел асаразул хlасил бицине, щибаб классалъул программаялда къурал литературияб теориялъул баяназдаса гlамlлудго пайда босизе, программаялъ тlадаллъун гьарурал текстал реклехъе цlализе. Ругьунлъиялъулгун бажариялъул тlалабал кlийиде рикьун руго:
1) Асаралъул анализ гьаби ва гьелъие къимат кьун бажари.
2) Калам глуцlун бажари.
Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун къураб цlалул заман. Цlалдохъабазул къадаралде, лъаялде ва гьезулгун классалда хlалтlи гьабизе ругел шартlазде балагьун, яги методикияб рахъалъ чара гьечlеблъун бихьулеб бугони, учителасул ихтияр буго, цо-цо темаялъе къурал саглтазул къадар, жиндаго лъиклаблъун бихьараб къаглидаялъ хисизабизе.
Адабияталъул дарсазда цадахъго гlамlлудго бачине ккола класстун къватlлисеб хlалтlлиги: адабияб кружок, цlаларал тlахьазда тlасан бахlсал-конференциял тlорuтlи, литературиял хlаял, пасихlго кучlдул, харбал цlалиялъул къецал, концертазде, киноялде, театралде цадахъ ин ва бихьаралда тlасан гара-чlвари глуцlи, поэтазул, хъвадарухъабазул бакlазде сапарал гьари, литературиял музеязде щвей, халкъияб кlалзул гьунаразул асарал раклари гладал тадбирал.

### 5 классалда адабиял темабазда тlорuтlулел кlалзулал ва хъвавулал хlалтlабазул аслиял тайпаби.

Бичlчlизе бигьаяб глелмияб мацlалда хъваралги художествиялги текстал раглун, дурун цlалазе ругьун гьари. реклехъе лъазарурал художествиял асарал пасихlго цlали, кlудиялдаса цо бутlаялъул гlамlлудгоги( тексталде глагарун) къокъгоги хlасил бицин ( абунги хъвангu), гьелда гьоркьобе сурат-сипаталъул бицунел бакlалги ккезари. Цlалдохъабазул жидерго захlматалъул, гьез жамаглаталъе гьабулеб пайдаяб хlалтlул бицарал сочинениял хъвай.
Багьадураздехун, гьезул ккарал лъугьа-бахъиназдехун жиндилъ бижараб пикруги загьир гьабун, телевизоралдасанниги киноялданиги рихьарал фильмабазул, цlалараб художествияб асаралъул хlакъалъулъ бицун бажари.

# Программаялъе баян

*Школалъул цlакъго кlвар бугеб масъалалъун ккола гlун бачlунеб гlелалъе щулияб ва гъваридаб лъай кьей,гьезулъ гьеб лъай практикаялда хlалтlизаби бажари ва ругьунлъи лъугьинаби,дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби. Авар литературияб мацlалъул кьучl ккола болмацl,амма литературияб мацl бечелъизе кlвар бегеб магlданлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мацlазго гlадин,авар мацlалъги гlаммаб куцалда тlолго магlарулазул рухlияб бечелъи жанибе бачуна.*
*Ахираб заманалда гlисинал миллатазул мацlал церетlеялде цlикlкlараб кlвар кьолеб буго. Гьел миллатазул рукlа-рахъин цебетlеялдаго цадахъ,гьезул мацlалги бечелъула,церетlола ва хадубккунги гьел церетlезаризе руго.*

## Школалда авар мацl малъиялда церечlарал масъалаби.

*Авар мацl школалда лъазабиялда церечlарал масъалабилъун ккола:*
*цlалдохъабазул кlалзул ва хъвавул калам цебетlезаби, пасихlго цlали камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.*
*Школалда авар мацl малъиялъул мурад буго; цlалдохъабазе фонетикаялъул,лексикаялъул,рагlи лъугьиналъул ва хисиялъул,грамматикаялъул,стилистикаялъул хlакъалъулъ лъай щвей,жамгlияб гlумруялда жаниб гьелъул кlваралъул хlакъалъулъ баянал кьей,битlунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизаби,лъималазул рагlул нахърател бечелъизаби.*



## 5-11 классазда авар мацlалъул гlуцlи

*Рахьдал мацlалъул программаялда рекъон,5-11 классазда цlалдохъабазда малъизе ккола фонетика,графика,лексика,рагlи лъугьин,грамматика(морфология.синтаксис). Гьединго цlалдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мацlалъул хlакъалъулъ гlаммал гlелмиял баянал. Цlалдохъаби ругьунлъизе ккола битlун хъвазе,битlун цlализе,калам гlуцlизе ва лъалхъул ишараби лъезе.*
*Авар мацlалъул материал гьадин бикьун буго:*
*5,6,7 классазда малъула фонетика,лексика,рагlи лъугьин,морфология ва битlунхъвай. Синтаксис лъазабула 8-9 классазда.Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул*

«2» къимат лъола 5-ялдаса 7 ялде щвезегIан гъаламIал ккун ратани.
«1» къимат лъола 7-ялдаса цIикIкIун гъаламI батани.

## Сочинениязе ва изложениязе къимат лъолеб куц.

5- 9 классазда сочинениялги изложениялги тIоритIун цIалдохъабазул хъвавулаб калам цебетIезабиялъул программаялда рекъон. Сочинениязул ва изложениязул мисалияб кIодолъи кьун буго таблицаялда. Лъималазул хIалтIабазул кIодолъи-гьитIинлъи батIи-батIияб букIине бегьула. Гьединлъидал чIезабураб мисалияб къадаралдаса цIалдохъанасул сочинение цогун бащадаль жеги тIадеги кIудияб яги гьитIинаб батани, учителасул ихтияр буго цо къадараль къимат тIаде яги гъоркье бачине. Амма кIодолъиялъухъ балагьун 5 къимат лъоларо.

Сочинениял ва изложениял хъвазариялъул кIиго мурад буго:

а) кьураб темаялда ва цебе лъураб масъалаялда рекъараб лексикаги тIаса бищун, литературияб мацIалда магIнаяб хIалтIи хъвазе бажарулеб бугищали хал гьаби;

б) грамматикиял нормабиги битIун хъваялъул къагIидабиги цIунизе лъалищали балагьи.

Гьединлъидал кинаб букIаниги сочинениялъе ва изложениялъе хадуб- цебе кIиго къимат лъола: цебесеб къимат- хIасилалъухъ ва калам гIуцIиялъухъ, хадусеб – битIун хъваялъухъ.

КIиябго къиматалъ борцуна цIалдохъанасда авар мацI лъаялъул даража. Гьединлъидал гьел рикIкIуна грамматикаялъе лъураллъун.

Хас гьабун литературияб лъай борцине мурадалда хъвараб хIалтIи бугони, цебесеб къимат рикIкIуна адабияталъе ккараблъун.

Сочинениялъе ва изложениялъе къимат кьолелъул, учителас хIисабалде росизе ккола гьал рахъал:

«5» къимат лъола:.

1. Кьураб темаялдаса кьуричIеб хIасилалъул хIалтIи бугони.
2. МагIнаялъулъ гъаламI гьечIони
3. Пламалда рекъараб гьеб гьечIониги,хадуб-цебе рекъон бачIараб магIна букIин
4. ХIалтIи букIине ккола бечедаб лексикаялъул,рагIи херхиналъул рахъалъ мухIканаб,предложениялзул гIуцIиялъул ва гьел дандраялъул рахъалъан батIи-батIиял ресаздаса пайда босараб
5. Тексталъул мацIалъул букIуна дурусльи ва гIураб пасихIлъи. БукIине бегьула магIнаялъулъ 1 сакъатги, калам гIуцIиялъулъ 1-2 гIунгутIиги.



3. Цlакъго мукъсанаб лесикаялъул, къокъал, цого тайпаялъул, цоцаздехун, загlипаб гурони бухьен гьечlел предложенияздасан гlуцlараб, мекъи хlалтlизарурал гlемерал рагlаби ругеб хlалтlулъ.
4. Тексталъул магlнаялда рекъараб мацl гьечlеб. Магlнаялъулъ 6 ва калам гlуцlиялъулъ 7 гlунгутlи ккараб хlалтlулъ

## Битlунхъвай.

Биччан букlине бегьула битlунхъваялъул 7 гъалатl ва лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатl,яги битlунхъваялъул 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 8, яги битlунхъваялъул 5, лъалхъул ишараби лъеялъул 9 гъалатl биччан бугони.

**«1» къимат лъола:**

Цlалдохъанас хъвараб хlалтlулъ магlнаялъулъ 6-ялдаса цlикlкlараб ва калам гlуцlиялъулъ 7-ялдаса цlикlкlун гъалатl биччан бугони.

## Битlунхъвай.

7-ялдаса цlикlкlун битlунхъваялъул, 7-ялдаса цlикlкlун лъалхъул ишарабазул ва 7 грамматикияб гъалатl биччан батани.

## Ругьунлъиялъул хlалтlабазе къимат лъолеб куц:

Контролиял хlалтlабазда дандеккун, ругьунлъиялъул диктантазе ва цогидалги батlи-батlиял хъвавул хlалтlабазе къимат лъола дагьаб кьваризабун.

Ругьунлъиялъул хlалтlабазе къимат кьолелъул, хlисабалде босула:

1) живго жиндаго чlун цlалдохъанасухъа бажарараб жо;

2) малъараб материал бичlчlун бугеб куц;

3) хlалтlул кlодолъи-гьитlинлъи.

Ккезе бегьула гъалатlазде цебеккунго лъималазул кlвар буссинабун бугони, «5», «4» къиматал лъола цониги гъалатl гьечlеб, ккарабги жинцаго битlизабураб хlалтlиялъе. Гьезда гьоркьосанги цояб къимат тlаса бищи бараб буго хlалтlул бацlцlалъиялда , хатlалъул берцинлъиялда.

Диктанталдаса кlудияб ругьунлъиялъул хlалтlуе «4» къимаат лъезе бегьула, 1-2 гъалатl ккунги букlун, гьелги жинцаго ритlизарун ратани. Классалда букlа, рокъоб букlа цlалдохъанас хъвараб ругьунлъиялъул хlалтlулъ хал гьабула,гьелъие къимат лъей-лъунгутlи живго учителасул иш буго: кlвар бугелъе лъела,гьечlеб, бер щвезабун, тезеги бегьула.

Ккезе бегьулел гъалатlазде цебеккунго лъималазул кlвар буссинабичlого, тlубанго жалго жидедаго чlун, цlалдохъабаз хъварал хlалтlабазе къимат лъола гьеб тайпаялъул контролиял хlалтlабазе чlезарурал нормабазда рекъон.

## Хlасилалъулаб къимат лъолеб куц

- *идеябгун-художествияб хаслъиги хIисабалде босун, асаралъул тайпа чIезабизе; ( эпосиябищ, лирикайищ, драмайищ гьеб кколебали);*
- *асаралъулъ рорхулел аслиял суалал ратизе;*
- *малъараб асаралда жаниб сюжеталъул, гIуцIиялъул, героязул образазул ва сипатияб каламалъул идеябгун- художественнияб кIвар рагьизе;*
- *асаралъул идеяб магIна рагьизе героясул бугеб кIвар ва авторас гьесие кьолеб бугеб къимат батизе;*
- *асаралъул ва -гьелъул героязул хIакъалъулъ лъугьараб жиндирго пикру кьучIаблъун гьабизе;*
- *художествиял, общественниялгун – политикияя гьединго литературияб критикаялъулал текстал битIун, дурун. рагIун цIализе;*
- *художествиял асарал пасихIго цIализе;*
- *бицунебги хъвалебги жиндирго кIалъаялъул план гIуцIизе;*
- *захIматалъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе ( жиндирго хIалтIул хIалбихьиялъул кьучIалда ва малъарал асаразда тIасан);*
- *общественниябгун- политикияб ва литературияб критикаялъулал макъалабазул къокъаб хIасил хъвазе, гьезие план гIуцIизе;*
- *цо литературияб асаралда тIасан доклад яги къокъаб кIалъай хIадуризе;*

**Авар мацIалъулгун бухьен**

*Хьвада – чIвадиялда, жамгIиябгун политикияб темаялда хурхараб сочинение.*
*РухIияб бечелъиялда, жамгIиябгун политикияб темаялда хурхараб 2-3 асаралъул кьучIалда доклад хIадури.*
*Хабариял текстазул къокъаб яги тIасабищараб изложение.*



1980/ 1990 цIалул соналдаса байбихьун, Дагъистан Республикаялъул Лъай къеялъул министерствоялъул коллегиялъул хIукмуялда рекъон, росдал школазул X-XI классаздаги малъулеб буго рахъдал мацI. Гьединлъидал Дагъистаналъул гIелмиябгун цIех-рехалъул педагогикияб институталъул рахъдал мацIазул секторалъ хIадур гьабураб программа буго гьаб.

Гьаб программаялъ X-XI классазда рахъдал мацI малъизе бихьизабун буго анкьида жаниб цо сагIат. ТIасиял классазул программаялда рекъон, авар мацIалъул аслияб курс лъугIула 5-9 классазда. Гьединлъидал X-XI классазда авар мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул кIвар бугел баянал гьваридго ва гIатIидго такрар гьари.

Программаялъ гьорлъе рачуна гьал хадур рехсарал бутIаби:

- практикияб стилистика
- каламалъул культура
- лексикология
- фразеология
- фонетика
- битIун аби ва битIунхъвай
- рагIул гIуцIи,
- грамматика
- пунктуация

Программаялда къурал темабазе сагIтал рикъун руго мисалияб къагIидаялъ.

МугIалимасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьараб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе, ай цо темаялдаса тIаса рахъун, хIажатаблъун бихьулеб цоги тема малъиялъе цIикIкIинаризе.

## Цӏалдохъанасда бажаризе ккола:

- минуталда жаниб 100-110 рагӏи кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал ритӏун, рагӏун ва чвахун цӏализе;
- лъазабураб асаралдаса хасал лъугьа – бахъинал ратӏа рахъизе;
- лъазабулеб асаралда жанир кколел лъугьа- бахъиназда гьоркъоб заманияб ва гӏилла – мурадияб бухьен чӏезабизе;
- лъазабулеб асаралъул тексталда жанир сипатиял рагӏаби ратизе;
- лъазабулеб асаралъул багьадуразул ишазде балагьун, гьезул гӏамал – хасияталъул бицине;
- художествиял, рикӏкӏизе бигьаял гӏелмиял текстал ритӏун, чвахун, рагӏун цӏализе;
- художествиял асарал пасихӏго цӏализе;
- гьитӏинаб асар, яги кӏудиялъул кесек изложение хӏисабалда бицинеги хъвазеги;
- захӏматалъул темаялда сочинение хъвазе;
- хабарияб асаралъул, яги гьелъул цо бутӏаялъул план гӏуцӏизе;
- асаралъул багьадураздехун ва лъугьа- бахъиназдехун лъугьараб бербалагьи загьир гьабун, жинцаго цӏаларал асаразе къимат кьезе.

## Жидецаго цӏализе кколел асарал:

«Цилгӏин» - маргьа
«Вацги яцги» - маргьа
«Церги чакъалги» - маргьа
«Захӏматалъул хӏинчӏги чӏухӏараб рузги», « Царал бикьи», «Цурдузул гаргар», «Мукъурберцин», «Чӏунталил ханзаби» - Цӏ.Хӏамзат
«Дун вижараб росу», «Хъахӏилаб экран», «Бацӏги церги», «Гъедуги церги» - З.Хӏажиев
«Кӏал ккураб гъалбацӏ» -басня Хӏ.Залов
«Вацако» - М-С.Яхьяев
«Кучӏдул» - Ф.Гӏалиева
« Къо лъикӏ, шагьар», « Гьитӏинав гьокочи» - М. Мухӏамадов
« Анищалъул цӏаялда хадур» - Гӏ.Расулов
« Баркаман» - М. Шамхалов
« Эмен» - Бахӏандов
«Гъуниб» - Гӏ-В. Сулейманов




хIакъалъулъ бищун гIадатал (авалиял) баянал 5 классалдаго кьола,морфологияб курс синтаксисалъул кьучIалда лъазабизе,калам цебетIезабиялъул ва пунктуациялъул хIалтIаби гьаризе рес букIине.Гьел церехун рехсарал рахъазул хал гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго.
Гьединаб принципги кьочIое босун, «Лексика», «РагIи лъугьин», «Предметияб цIар» гIадал темаби 5 ва 6 классазда, «Глагол» 5,6 ва 7 классазда кьун руго. «БитIараб ва хъвалсараб калам» абураб тема 5 ва 9 классазда малъулеб буго. ХутIарал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва гIатIидго,гьединго программаялда дандчIвала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби гIатIидго малъизе ккола.
Программаялда тIолабго материал кьун буго,лъималазул гIелазул хаслъабиги хIисабалде росун.
Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ ,учителасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьараб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе,ай,цо темаялдаса тIаса рахъун, хIажатаблъун бихьулеб цогидаб тема малъиялъе цIикIкIинаризе.

## ЦIалдохъабазул калам цебетIезаби ва гьел пасихIго цIализе ругьун гьари.

Школалда авар мацI малъиялъ цIалдохъабазул логикияб пикру ва калам цебетIезабула.
Калам цебетIезабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.
ТIоцебесеб нух буго авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гьаби.
Авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гьабула батIи-батIиял словариял хIалтIабаздалъун,учебникалда ругел ругьунлъиялъул хIалтIабазул текстаздалъун,цIалзул ва хъвавул изложенияздалъун,сочиненияздалъун. ЦIалдохъабазулгун словарияб хIалтIи гьабулелъул,гьел жалго жидедаго чIун,ричIчIуларел рагIаби ратизе,гьезул магIна учителасда гьикъизе ругьун гьари,словараздаса битIун пайда босизе лъай-бищунго кIвар бугел хIалтIабилъун ккола.
КIиабилеб нух буго авар литературияб мацIалъул рагIаби лъугьинарулелъул,гьел дандраялъул,предложениял гIуцIиялъул,битIун цIалиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.Гьеб рахъалъ программаялда жиб-жиб темаялъул кIиабилеб пунктаалда гъоркь чIванкъотIун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги, гьезухъа лъугьине кколеб бажариги.

*Лъабабилеб нухги буго авар мацIалъул дарсазда батIи-батIияб темаялъул ва жанралъул материалазда тIасан цIалдохъаби кIалъазе ругьун гьари.*
*Калам гIуцIизе цIалдохъаби ругьун гьариялъе лъикIалан заманги бихьизабун буго.( Авар мацIалъе рихьизарурал сагIтазул щуго бутIа гьабун цо бутIа).Калам гIуцIизе ругьун гьари цIикIкIараб кIвар бугеб иш бугелъул,гьелъие мацIалъул программаялда жиб-жиб классалъе батIаго темабиги кьун руго.*
*ЦIалдохъанасда лъазе ккола тексталда тIад хIалтIизе,гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва гIатIидаб план гIуцIизе,гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, бицунги хъванги изложение тIобитIизе.*
*Авар мацIалъул дарсазда кIвар кьезе ккола цIалдохъабазул кIалзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие гIоло цIалдохъаби тIамизе ккола батIи-батIиял темабазда тIасан кIалъазе.*
*ТIолабго лъагIалида жанир гьарурал хIалтIабаздалъунги, изложениядалъунги,сочинениядалъунги цIалдохъабазулъ битIараб кIалзул ва хъвавул калам гIуцIиялъул бажари лъугьине буго.*
*Изложениязе текстал ва сочиненияе темаби тIаса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва гIелмияб рахъалъан данде кколел рукIине ккола.*
*ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандчIвалел гIунгутIаби ва гъалатIал тIагIинаризе квербакъула.*
*ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялда бухьараб буго пасихIго цIализе лъазабиялъул ишги.*
*ПасихIго цIалиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе,художествиял текстал(хабар,маргьа,кечI) росула.*
*ПасихIго цIализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги кIудияб кIвар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебетIезабизе.*
*БитIунхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, батIи-батIияб тайпаялъул (гIинзулаб,берзулаб,кантIизариялъулаб,баян гьабиялъулаб,творческияб гIадал) диктантал гьарун.*
*Контролияб диктанталъе цо дарсил лъикIалан заман кьезе кколеб батани,битIун хъвазе ругьун гьариялъе ругел батIи-батIиял диктантазе дарсил цо бутIа кьуниги гIезе буго.*
*Диктантазе росулел текстал къваригIарал орфограммабазул рахъалъ бечедал рукIине ккела. Гьединаб къокъаб диктант кIиго анкьида жаниб цо нухалдагIаги гьабуни лъикI букIина.*
*Учителасе кумекалъе программаялъул ахиралда хъвавул хIалтIабазул (диктантазул,изложениязул,сочиненияул) къадар бихьизабураб таблица кьун буго.*

## Пунктуациялъул рахъалъан;

*Хитlабазулъ лъалхъул ишараби лъезе,*
*журарал предложениязулъ запятаял лъезе;*
*тайпа цоял членазулъ ва битlараб каламгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе;*

## Орфоэпиялъул рахъалъан;

*Геминатал ва лабиалиял гьаркьал битlун рахъизе; бакlалъул диалекталде дандеккун литературияб мацlалъулъ ругел батlи-батlиял гьаркьал битlун рахъизе;*

## Калам гlуцlиялъул рахъалъан;

*текстальул тема ва аслияб пикру чlезабизе;*
*хабарияб текстальул гlадатаб план гlуцlизе;*
*дурусго ва къокъго хабариял текстал рицине ва хъвазе;*
*бихьизабураб темаялда тlасан сочинение хъвазе;*



*жинцаго гьабураб хlалтlул хlакъалъулъ хабар хъвазе ва бицине;*
*информацияб тайпаялъул кагъат хъвазе;*
*жиндирго пикру баянго, дурусго бицине, берцинго хъвазе, хlажат гьечlеб такрарлъи биччангутlизе, жиндирго каламалъулъ лексикиял синонимал хlалтlизаризе;*

## 5-9 классазда авар мацlалъе къиматал лъезе чlезарурал нормаби.

### 1.Кlалзул жавабазе къимат кьолеб куц

*Рокъоб кьураб параграф гьикъи ккола цlалдохъабазул лъай борцунеб цо къагlида. Цlалдохъанасул жавабалъе къимат кьолелъул,хlисабалде босизе ккола;*
*а) жаваб битlараб ва тlубараб буклин;*
*б) малъараб материал лъаялъул даража;*
*в) жавабияб калам битlун гlуцlизе бажари;*
*Цlалдохъанас гlатlидго кьолеб жаваб буклине ккола магlнаялъул рахъалъ хадуб-цебе рекъонккараб, цlехолеб тема рагьулеб. Гьелъ бихьизабизе ккола мухlканго определение кьезе ва гьеб кьучlаблъун гьарулел чlванкъотlарал мисалал рачине бажарулеб куц.*

Масала,гьесда тӏадаб буго учителасул тӏадкъаялда рекъон, кинал руկӏаниги грамматикиял гӏаламатал ратизе, предложениялда(тексталда) ругел грамматикиял формабазе баян кьезе, теориялдаса, малъарал баяназде мугъги чӏван, пикру кьучӏаб букӏин чӏезабизе.
Гьел шартӏалги хӏисабалде росун, кӏалзул жавабазе къимат лъезе ккола гьал нормабазда рекъон:
«5» къимат лъола,мухӏканго,гӏураб гъварилъиялда малъараб материал цӏалдохъанас бицунеб ва мацӏалъул гӏелмиял баяназе битӏараб определение кьолеб бугони, гьединго цӏехолеб материал тӏокӏкӏун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун,тӏехьалда ругел
гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жавабияб пикру кьучӏаблъун гьабизе кӏванани,ва гьеб битӏараб литературияб мацӏалъ хадуб-цебе рекъезабун, бицине бажарани.
«4» къимат лъола щуйил къиматалъе мустахӏикъаб, амма магӏнаялъулъ яги хадуб-цебе рекъон бачӏиналъулъ цо-кӏиго гъалатӏ яги бицадулъ цо-кӏиго сакъат ккараб жавабалъе.
«3» къимат лъола цӏехолеб материал аслияб куцалъ цӏалдохъанасда бичӏчӏун ва лъан букӏин бихьизабулеб, амма, определение кьолаго яги битӏунхъваялъул къагӏида бицунаго, гӏунгутӏаби риччараб, тӏубараб мухӏканлъи гьечӏеб, жиндирго мисалалги рачун, гӏураб гъварилъиялда пикру кьучӏаблъун гьабизе кӏвечӏеб, бицалъги ва хадуб-цебе рекъонккеялъулъги гъалатӏал тӏатараб жавабалъе. «3» къиматалъ бихьизабула хадуб бачӏунеб материал бичӏчӏизе гӏураб даражаялъул лъай цӏалдохъанасул букӏин.
«2» къимат лъола, малъараб материалалъул цӏикӏкӏунисеб бутӏа цӏалдохъанасда лъалеб батичӏони, определение кьолелъул, битӏунхъваялъул къагӏида бицунелъул, гьезул магӏна хисулел гъалатӏал риччани, бакӏ-бакӏалде кӏанцӏун, бигъа-бетизабун бицунеб бугони.
«2» къиматалъ чӏезабула хадуб бачӏунеб материал бичӏчӏизе гӏураб лъай цӏалдохъанасе щун гьечӏолъи.
«1» къимат лъола, цӏалдохъанасул жавабалдасан тӏолабго малъараб материалалдасан гьесда бичӏчӏараб ва лъараб жо гьечӏолъи бихьулеб бугони.
Цӏалдохъанасе «5», «4», «3», къимат лъезе бегьула, лъай борцине цеве вахъинавураб мехалъ гуребги, тӏолабго дарсил заманалъ гьес битӏун кьурал жавабазухъги щвараб теориялъул лъаялдаса пайда босизе бажарулеб букӏин баянлъидалги.

## Диктантазе къимат лъолеб куц

Диктанталъе босизе лъикӏаб буго цого магӏнаялъул хабарияб текст. Гьеб букӏине ккола цӏалдохъабазда бигьаго хӏасил бичӏчӏулеб, бацӏцӏадаб литературияб мацӏалда хъвараб асар яги гьелъул санагӏатаб цо бутӏа.
Диктанталъул букӏине ккoлеб кӏодолъи рагӏабазул къадар) кьун буго таблицаялда.
Цо пуланаб темаялда тӏасан тӏобитӏулеб контролияб диктанталъе босизе ккола гьеб темаялда малъарал битӏунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагӏидабазда хурхараб 2-3 мисал гъорлъ бугеб текст.

Цебеккун гьеб классалда малъарал битIунхъваялъул аслиял къагIидабазда тIасанги 2-3 орфограмма( битIун хъвазе кколел рагIул бутIаби, хIарпал) кьезе ккела. Цересел классазда малъаралги дандекъан, кинабниги битIунхъвазе ва лъалхъул ишараби лъезе кколеб бакI цо диктанталда жаниб цIикIкIине бегьуларо гьаб къадаралдаса.

| Класс | Орфограммаби (битIун хъвазе кколел рагIаби) | Лъалхъул ишараби |
|---|---|---|
| 5 класс | 10 | 2-3 |
| 6 класс | 14 | 3-4 |
| 7 класс | 18 | 4-5 |
| 8 класс | 20 | 10 |
| 9 класс | 20 | 15 |

ХIасилалъул диктанталъул тексталде гъорлъе рачине бегьуларо, 2-3 дарсиданиги тIад хIалтIун, гIураб къадаралда щулалъизаричIел цIималъарал орфограммал.
ТIоцебесеб четверть лъугIизегIан, диктантазул кIодолъи букIина цебесеб классалъул роцада.
Цо хасаб тема лъималазда лъан бугищали хал гьабизе тIобитIулеб диктанталда рукIина гьеб темаялда малъулел аслиял орфограммал яги лъалхъул ишараби, гьединго цебеккун цIалдохъабазе щвараб лъаялъул кIодолъи борцунеб материалги.
Бащадаб лъагIалил ва лъагIалил ахиралда тIоритIула малъанщинал темабазда тIасан хIасилалъул диктантал. Гьез борцуна цIалдохъабазе щвараб лъай.
Диктанталъул хал гьабулелъул, ритIизарула, амма къиматалъе рикIкIунаро битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ риччарал гьадинал гъалатIал:
1.Школалда малъуларел битIунхъваялъул къагIидаби цIуничIолъиялъ ккарал.
2. Жеги малъичIел къагIидабазда тIасан ккарал.
3. БитIунхъваялъул хасал къагIидаби гьечIел рагIабалъ ккарал

4. Авторас жиндиего бокьухъе лъурал лъалхъул ишараби цIуничIолъиялъ ккарал
5.РагIи бикьун цIияб мухъиде босиялъулъ ккарал. РикIкIинчIого, ритIизарун тола абулареб къагIидаялъ рагIул гьаркьилаб халип хисизабулел, цIалдохъанасда жидер битIунхъвай лъалел рагIабазулъ ккарал гъалатIал: сасулъ (салулъ), рокьоса( рокъоса),бацIицIа(бацIица).



Диктантазе къимат лъолелъул, гьединго хIисабалде босичIого гIоларо гъалатIазул кIодолъи-гьитIинлъи.
БитIунхъваялде рагIад рехизабуларел гьитIинал гъалатIал хIисабалде росула ва кIиго гьитIинаб гъалатI къиматалъе цо гъалатIалъул бакIалда рикIкIуна.
ГьитIиналлъун рикIкIуна гьадинал гъалатIал:

1. БитIунхъваялъул къагIидабазе мутIугIлъуларел рагIабазулъ ккарал;
2. Журарал хасал цIаразулъ, гьединго цогидал миллатазул хасал цIарал хъвалелъул ккарал;

3. гIадин,гIадаб,гIоло абурал рагIаби рекIун хъвай, ракIгъезе,берчIвазе,хIалтIизабизе гIадал глаголал кIиго рагIудалъун хъвай;
4. цо лъалхъул ишараялъул бакIалда цогияб лъей;
5. геминатал рихьизарулел хIарпал хъвалелъул ккарал: ссан,сси, чIчIвана, ссудана, рехххана, иццалъ ва гь.ц;
6. хадур-цере лъезе кколел лъалхъул ишарабазул цояб гьоркьоб биччай яги гьелъул тартиб цIуничIолъи.

ХIасилалъул (контролияб) диктанталда 5-ялдаса цIикIкIун хъвавулъ мекъи ккараб бакI битIизабун батани, цо къадаралъ къимат гIодобе бачуна,амма гьелъие гIоло цIалдохъанасе къадараб къимат(«2») лъезе бегьуларо. Гьединго «5» къимат лъоларо лъабго ва цIикIкIунги битIизабураб бакI бугони, гьел рахъалги (шартIалги) хIисабалде росун.
Диктанталъе къиматал лъола гьал нормабазда рекъон:
«5» къимат лъола гъалатI гьечIеб хIалтIуе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда букIине бегьула битIунхъваялъулъ биччараб 1 сакъат( гьитIинаб гъалатI) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб гIунгутIи.
«4» къимат лъола битIунхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалатI бугеб, яги битIунхъваялъулъ 1,лъалхъул ишарабазулъ 3, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатIги гьечIеб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалатI биччараб диктанталъе. Гьебго къимат лъезе бегьула битIунхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалатI ккун батаниги.
«3» къимат лъола битIунхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI батараб диктанталъе, яги битIунхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 5, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 7 гъалатI биччараб хIалтIуе.



5 абилеб классалда «3» къимат лъезе бегьула битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI бугеб диктанталъе. Гьединго «3» къимат лъезе биччала битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 3 гъалатI бугони.
«2» къимат лъола битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 8, яги битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 9, яги битIунхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалатI биччараб диктанталъе.
«1» къимат лъола кIийилаб къиматалъе рихьизаруралдаса цIикIкIун гъалатIал ругеб диктанталъе. Диктанталъе къимат лъезе гъалатIал рикIкIунеб чанго батIияб къагIида бихьизабун буго. Амма щибаб къиматалъе гъалатIазул гIурхъи чIезабун буго. «4» къиматалъе гьединаб гIурхъилъун ккола битIунхъваялъул 2 гъалатI. «3» къиматалъе 4 битIунхъваялъул гъалатI,( 5 классалъе битIунхъваялъул 5 гъалатI), «2» къиматалъе 7 битIунхъваялъул гъалатI. Гьеб чIезабураб гIорхъодаса гъалатIазул къадар тIаде ани, рехсарал къиматал лъезе бегьуларо.
Диктанталда тIадеги грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лексикаялъул тIадкъаял кьураб хIасилалъул (контролияб) хIалтIуе кIиго къимат лъола: цояб-диктанталъе, кIиабилеб-тIадкъаял тIураялъе.

## Баян.

Диктанталъе рикIкIуна грамматикиял тIадкъаял тIуралаго ккарал битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул гъалатIалги.

## Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе къиматал лъолеб куц:

«5» къимат лъола, гъалатI гьечIого, киналго тIадкъаял тIуран ратани.
«4» къимат лъола, киналго тIадкъаязул ункъилъа лъабил бутIа битIун гьабун батани.
«3» къимат лъола,бащадалниги тIадкъаял битIун гьарун ратани.
«2» къимат лъола, бащадалдаса дагь гурони битIун тIуразарурал тIадкъаял ратичIони.
«1» къимат лъола, цIалдохъанас цониги тIадкъай тIубан батичIони.

## Контролияб словарияб диктанталъе къимат лъола гьадинаб къагIидаялъ:

«5» къимат лъола гъалатI гьечIеб диктанталъе.
«4» къимат 1-2 гъалатI биччан батараб диктанталъе.
«3» къимат лъола 3-4 гъалатI батараб диктанталъе.

## Битlунхъвай.

Букlине бегьула 1 битlунхъваялъул, яги 1 лъалхъул ишараби лъеялъул, яги 1 грамматикияб гъалатl.

«4» къимат лъола:

1.Кьураб темаялдаса дагьа-макъаб гурони кьури гьечlеб магlнаялъул хlалтlухъ.

2.Аслияб къагlидаялъ хlасил битlарабги букlун магlнаялъулъ цо-цо сакъат ккун бугони.

3. Хъвараб жо хадуб-цебе рекъон бачlиналъулъ дагьа-макъал гlунгутlаби ругеб хlалтlухъ

4.Калам гlуцlизе рагlул бечелъиялдаса ва грамматикиял къагlидабаздаса гlураб къадаралда пайда босараб хlалтlухъ

5. Бицунеб жоялда рекъараб мухlканаб литературияб мацl бугони

Гьениб ккун букlине бегьула магlнаялъулъ 2 сакъат, калам гlуцlиялъулъ 3-4 гlунгутlи.

## Битlунхъвай.

Букlине бегьула битlунхъваялъул 2, лъалхъул ишараби лъеялъул 2 гъалатl, яги битlунхъваялъул 1 ва лъалхъул ишарабазул 3, яги битlунхъваялъул гъалатlго гьечlеб,лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатl, гьединго 2 грамматикияб гъалатlги.

«3» къимат лъола:

1. Кьураб темаялдаса хlасил лъикlго кьуризе биччан бугони
2. Аслияб къагlидаялъ хlасил бугони, магlнаялъулъ гlунгутlаби риччан ругони
3. Хадуб-цебе рекъон бачlиналъулъ цо-цо сакъатал ругони
4. Мукъсанабго лексикаялъул, цого тайпаялъул предложенияздасан данде гьабураб хlалтlухъ
5. Мацlалъул рахъалъан дурслъи , мухlканлъи цlунизе кlвечlеб хlалтlухъ. Хъвалеб жоялъул магlнаялъулъ 4 сакъат ва калам гlуцlиялъулъ 5 гlунгутlи ккун бугони.

## Битlунхъвай

Букlине бегьула битlунхъваялъул 4, лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатl, яги битlунхъваялъул 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 5 гъалатl, яги битlунхъваялъул гъалатlги гьечlого, лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатl.

(5 классалда: битlунхъваялъул 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатl, гьединго грамматикияб 4 гъалатl букlине бегьула.

«2» къимат лъола:

1. Кьураб темаялде данде ккolареб хlасилалъул хlалтlиялъухъ.
2. Магlнаялъулъ гlемерал гlунгутlаби риччараб хlалтlухъ.
3. Хъвараб жоялъул киналго бутlабазда гьоркьоб хадуб-цебе рекъон бачlиналъул тартиб гьечlеб, текст данде ккolареб бугони.

## *Программаялъе баян*

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

Миллиял  школазда  рахьдал мац1 малъиялъул аслияб мурад буго бац1ц1адаб литературияб мац1алда жидерго пикру  эркенго загьир гьабизе ц1алдохъаби ругьун   гьари (бицунги, хъванги),

Мац1 берцин гьабулеб  алаталдаса пайда  боси, миллияб  художествияб ва г1елмияб литература ц1али ва бич1ч1и.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

**Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби**

Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.